

## WIDA Alternate ACCESS for ELLs (Lòt Egzamen AKSÈ WIDA pou Moun k Ap Aprann Lang Anglè)

### **Kisa Alternate ACCESS for ELLs (Lòt Egzamen AKSÈ pou Moun k Ap Aprann Lang Anglè) a ye?**

Alternate ACCESS for ELLs la se yon evalyasyon sou *metriz lang* Anglè pou elèv Klas 1yè Ane rive nan 12yèm Ane. Yo bay tès la chak ane pou ede distri lekòl yo kontwole devlopman lang Anglè elèv yo idantifye kòm moun k ap aprann lang Anglè ki gen gwo andikap konyitif.

### **Ki objektif egzamen an?**

Alternate ACCESS for ELLs la mezire kapasite elèv yo pou konprann epi konstwi konvèsasyon Anglè nan etablisman lekòl yo. Kat seksyon egzamen an se Ekout, Lekti, Pale ak Ekri.

### **Poukisa pitit mwen an dwe pran egzamen an?**

Yo idantifye pitit ou a kòm yon *moun k ap aprann lang Anglè* ki genyen yonn oswa plis andikap konyitif tou. Pitit ou a ap pran egzamen an pou ede distri lekòl yo kontwole pwogrè pitit ou a nan aprann lang Anglè. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon sou kijan yo te idantifye pitit ou a kòm yon moun k ap aprann lang Anglè.

### **Kilè pitit mwen an ap pran egzamen an?**

Chak eta fikse yon delè pou lekòl yo bay Alternate ACCESS for ELLs la. Lekòl yo pwograme kilè elèv yo ap pran kat seksyon egzamen yo pandan peryòd delè egzamen an. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon presi sou kilè yo planifye pou pitit ou a pran Alternate ACCESS for ELLs la.

### **Kijan yo itilize rezilta egzamen yo?**

Rezilta Alternate ACCESS for ELLs la ka itilize nan plizyè fason. Paran yo ka itilize rezilta yo pou defann pitit yo espesyalman lè y ap rankontre ak ekip lekòl la ki kreye Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP: Individualized Education Program) yo a. Pwofesè yo itilize rezilta yo pou planifye enstriksyon ak evalyasyon yo. Distri yo itilize rezilta yo pou evalye pwogram sipò lang yo a, pou kontwole pwogrè elèv yo lè y ap aprann Anglè, epi pou detèmine si yon elèv kalifye pou soti nan yon pwogram sipò lang Anglè. Yo itilize rezilta yo tou pou reponn a egzijans pou bay rapò a eta a.

### **Kesyon pou Poze**

Paran yo ka itilize kesyon sa yo pou jwenn plis enfòmasyon konsènan eksperyans pou teste pitit yo:

- Kilès k ap bay pitit mwen an Alternate ACCESS for ELLs la?
- Ki kote pitit mwen an ap pran egzamen an?
- Èske gen yon moun nan lekòl la ki eksplike egzamen an a pitit gason/fi mwen an?
- Èske tout pwofesè pitit mwen yo okouran ke l ap pran egzamen an?
- Ki aranjman y ap fè pou pitit mwen an pandan egzamen an, an fonksyon de Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP: Individualized Education Program) li a?
- Kilè e kòmman y ap pataje rezilta egzamen yo ak mwen?

Kontakte lekòl pitit ou a si w gen kesyon konsènan Alternate ACCESS for ELLs la.

### **Tèm Kle pou Konnen**

*Moun k ap aprann lang Anglè* se elèv ki kalifye pou resevwa soutyen nan lekòl pou lang Anglè.

*Metriz lang* se yon mezi ki di ki kote elèv yo ye nan pwosesis devlopman lang lan.

*Devlopman lang* se yon pwosesis ki pran tan. Elèv yo avanse nan pwosesis sa nan ritm ki diferan.